мәрте бурынғы аўҳам Жоқарғы Советииниң депутаты болып сайланды.

Садриддин Айнийге Тәжикстан қаҳарманы (қайтыс болғаннан кейин 1998) атағы берилген. Өзбекстан Республикасының "Буюк хизматлари учун" ордени (қайтыс болғаннан кейин 2001) менен сыйлықланған. Тәжикистанның Согд ўәлаятындағы бир район, Самарқанд мәмлекетлик педагогикалық институты, Тәжикистан мәмлекетлик педагогикалық институты, Душанбе қаласындағы опера ҳәм балет театры, Бухара областлық музыкалық драма ҳәм комедия театры оның аты менен аталады. Алымның атына Ташкент, Самарқанд, Душанбе, Бухара, Бишкек ҳәм т.б. қалаларда дем алыў орынлары, көшелер, китапханалар қойылған. Душанбе, Бухара ҳам Самарқандта оның үй-музейлери шөлкемлестирилген.

Оның көплеп илим докторы ҳәм кандидатларының илимий жумысларына басшылық еткенлиги ҳәм Самарқанд мәмлекетлик университетинде ислеген дәўириндеги педагогикалық ҳәм илимий хызметлери дыққатқа ылайық.

Садриддин Айнийдиң жазыўшы сыпатындағы мийнетлери жоқары баҳаланады. Буған мысал, белгили украин жазыўшысы ҳәм әдебий критиги Иван Дзюба 1962-жылы Каир қаласында өткерилген Азия ҳәм Африка жазыўшыларының конференциясында шығып сөйлеп, С.Айнийди атақлы жазыўшылар Рабиндранат Тагор, Лу Синь, Таха Хусейн менен теңлестиреди, Самуил Маршак, Луи Арагонлар болса оны Джек Лондонға теңлестиреди.

С.Айний өзиниң хызмети даўамында И.В.Сталин, М.Горький, Я.Колас, Ю.Фучик, С.Бородин ҳәм т.б. менен ушырасқан ҳәм сәўбетлескен. Алым 1954-жылы 15-июльда Душанбе қаласында қайтыс болған.

**Жуўмақ.** Садриддин Айнийдиң өмири ҳәм дөретиўшилиги, педагогикалық хызметлери өсип киятырған жас әўлад ушын үлги есапланады. Ондағы мийнет сүйгишлик, оның сабырлылығы, илим-мағрыйфатты көклерге көтериўи ҳәм оны байытыўға умтылыс, мәртлик сыяқлы уллы қәсийетлер жас әўлад тәрбиясы менен шуғылланыўшы оқытыўшылар шахсын қәлиплестириўге үлкен тәсир көрсетиўши фактор есапланады.

**Әдебиятлар**


1. Айний С. Эсдаликлар. 4 қисм. Асарлар. 8 жилдлик, 7 жилд. -Т:. 1966. 153-б.
2. Темиров Ф. Садриддин Айний асарларида Бухородаги жадид мактаблари ва матбуотчилик тарихи масалалари. Соҳибқирон юлдузи. 2021 йил, № 4-сон, 66-б.
3. Хошимов К. ва б. Педагогика тарихи. –Т.: «Ўқитувчи», 1996. 448-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада белгили маърифатпарвар ёзувчи Садриддин Айнийнинг жадидчилик-маърифий фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашлари ҳақида суз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о просветительско-джадидской деятельности и педагогических взглядах Садриддина Айни, известного писателя-просветителя.

**SUMMARY.** The article talks about the educational-Jadid activities and pedagogical views of Sadriddin Aini, a famous writer-educator.


**UDK: 908**

## QOŃÍRAT RAYONÍ TARIYXÍ HAQQÍNDA QÍSQASHA MAĠLÍWMAT


**S.S.Shamshaddinova** – *erkin izleniwshi*

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*



**Tayanch so'zlar:** paleolit, neolit, bronza davri, savdo va madaniy aloqalar.

**Ключевые слова:** палеолит, неолит, эпоха бронзы, торговые и культурные связи.

**Key words:** paleolithic, neolithic, bronze age, trade and cultural ties.


**Kirisiw.** Qońırat rayonı Qaraqalpaqstannıń adamlar jasaǵan eń áyyemgi aymaǵı esaplanadı. Tariyxshı alımlardıń tastıyıqlawınsha, Qaraqalpaqstanda eń áyyemgi tariyxıy hám mádeniy estelikler izi Qońırat rayonı aymaǵında, atap aytqanda, Ústirtte tabılǵan. Biziń eramızǵa shekemgi 300-100 mıńınshı jıllarǵa jatatuǵın paleolit dáwiriniń qonıs ornı Barsakelmes shorınıń qubla batısında Esen-1, Esen-2 degen qudıqlar átirapında jaylasqan [1:8]. Neolit dáwirine, yaǵnıy biziń eramızǵa shekemgi V-III mıńınshı jılları adamlardıń shaqmaq taslardan islengen miynet quralları Ústirt dalasında kóp ushırasadı. Neolit dáwirindegi adamlar, tiykarınan, ańshılıq penen shuǵıllanǵan [2].

Ústirt keńisliginen Qola dáwirine b.e.sh. III-II mıńınshı jıllar esteligine Qaraqudıqtaǵı qoyımshılıqlar kiredi. Erte temir dáwirine b.e.sh. VII-II ásirine jatatuǵın Seksewilsaydan Qazaqstan shegarasına shekemgi aralıqta jaylasqan qoyımshılıq qábirler, mıstan islengen oq jaydıń oqları, savromat-sarmat qáwimleriniń estelikleri jatadı.

**Ádebiyatlar sholıwı.** Házirgi Qońırat rayonına qaraslı bolǵan aymaqlardaǵı qalalar hám tariyxıy orınlar haqqında A.Kun, T.A.Jdanko, K.L.Zadıxina, V.N.Yagodin, X.Esbergenov, Ǵ.Xojaniyazov, M.Tórebekov, S.Saymanov, Ó.Embergenov penen J.Shamuratovlardıń hám t.b. basqa alımlardıń ilimiy miynetlerinde qunlı maǵlıwmatlar berilgen [6].

**Izertlewdiń metodologiyası.** Qońırat rayonı tariyxın jazıwda interdisssiplinar yamasa kóp tarawlı izertlew usılı qollanılǵan. Tariyxıy xronologiya, arxeologiyalıq hám etnografiyalıq dereklerdi tallaw, geografiyalıq hám ekonomikalıq faktorlardı esaplaw, statstikalıq maǵlıwmatlar menen tiykarlandırıw sıyaqlı metodologiya regionnıń tariyxın sistemalı hám obyektiv kórsetiwge múmkinshilik beredi.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Áyyemgi grek tariyxshısı Strabon Ámiwdárya (Oks) – Uzboy – Kaspiy (Girkan) – Kavkaz – Qara teńiz suw jolınıń bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat beredi [3]. Bul eramızǵa shekemgi dáwirde Ámiwdáryanıń Ústirttiń qubla-shıǵıs etegi boylap Sarıqamısqa, onnan arı Uzboy arqalı Kaspiyge quyıp turǵanlıǵınan derek beredi. Mine, usı dáwirlerde de házirgi Qońırat rayonı aymaǵına qaraslı Wázir (Dáwkesken), Aybúyirqala (Jampıqqala) sıyaqlı qalalarda ómir qaynaǵan. Sebebi, Hindstan menen Kavkaz ellerin baylanıstıratuǵın suw jolı boyında sawda-satıqta rawajlanǵan.

Ústirtte I ásirden baslap XIX ásirge jatatuǵın kóplep estelikler jaylasqan. Ásirese, IX-X ásirlerden baslap házirgi Qońırat rayonı aymaǵı civilizaciya oshaǵına aylanadı, búginligi sol dáwirge tiyisli tariyxıy hám mádeniy estelikler kóplep tabıladı. Buǵan sebep, Ámiwdáryanıń óz aǵısın ózgertiwi bolıp esaplanadı. Yaǵnıy, IX ásirge shekem Ámiwdárya Qat (házirgi Beruniy) qalası aymaǵınan Aral teńizine quyıp turǵan bolsa, soń Mizdakxan menen Gurganjdıń arası arqalı Ústirt jıralarınıń shıǵıs tárepi boylap Aralǵa qaray aǵadı [4:445]. Mońǵollar basqınshılıǵı dáwirinde Ámiwdáryanıń jolı Sarıqamısqa qaray burıp jiberiledi. Onda da Ámiwdár'ya Ústirttiń qubla-shıǵıs etegi boylap aǵıp, Wázir, Tirsek, Shemaxa, Adaq sıyaqlı qalalardıń gúllep-jaynawına tiykar jaratadı.

Orta ásir hám onnan keyingi dáwirlerde de Ústirt keńisliginde hám dár'yanıń del'tasında xalıqlar jasaǵan, olar ózleri jasaǵan dáwirlerde kóplegen qalalardı, qorǵanlardı, kárwan saraylardın qurıp, qudıqlar qazǵan. Máselen, Qońırat rayonı aymaǵındaǵı Dáwkesken (Wázir), Puljay (Jezkempir, Teńgeshashqan), Buwraxan, Adaqqala, Topıraqqala, Ketenler, Jampıqqala, Aybúyir sıyaqlı qalalar orta ásirlerde de dańqı shıqqan qalalar bolǵan bolsa, eski "Noǵay jolı" kárwan trassası boyındaǵı Belewli, Shurıq, Qosbulaq, Ájigeldi sıyaqlı kárwan saraylar Tómengi Volga boyları hám Shıǵıs Evropa mámleketlerin Orta Aziya xalıqları menen baylanıstırıp turıwshı sawda arteriyası esaplanǵan. Jergilikli xalıqlarǵa Evropadan, Tómengi Volga boylarınan kiyatırǵan elshiler, sawdagerler hám basqa da jolawshılar Qońırat arqalı Góne Úrgenish, Xiywa, Buxara, Samarqand hám Orta Aziyadaǵı basqa iri sawda oraylarına, ónermentler jasaytuǵın orınlarǵa ótken. Ústirttegi "Mańǵıshlaq traktı" dep atalatuǵın Alanqaladan ótetuǵın ekinshi kárwan jolı arqalı Orta Aziya xalıqları Haj saparına atlanǵan [5:41].

Ótmishte Qońırat elatı, Qońıratlar jurtı, Qońırat xanlıǵı hám Qonırat iyeligi dep atalıp kelgen úlke Xorezm mámleketiniń arqa tárepi, Ámiwdáryanıń teńizge quyar tómengi bólimi, túslik Aral boyları hám Ústirt keńisliginiń keń shólistan aymaqları túsinilgen.

Qońırattıń burıngı ornı haqqında ilimpazlar hár qıylı pikirde. Bazıları Puljaydı Qońırattıń burıngı ornı dese, geypara ilimpazlar Buwraxandı yamasa Hákim atanı ataydı.

Haqıyqatında da, Qońırat urıwları XIII ásirde Góne Úrgenishke jaqın jerlerde jasaǵan [7:120]. 1625-jılı Ámiwdáryanıń quyar jerinde qońırat suwpılarınan bolǵan Aral biyligi (yaki Qońırat iyeligi) dúziledi. XVIII ásirde Aral biyligi átirapındaǵı xalıqlar Xiywa xanlıǵınan biyǵárez jasadı. Onıń bas qalası Qońırat orta ásirlerdegi Xorezm paytaxtı Gurganjge (Góne Úrgenishke) teńeldi. Aral iyeligi xalqı arallılar dep atalǵan. Aral biyligine Aralǵa jaqın jaylasqan Shımbay, Qońırat, Xojeli qalaları qaraǵan. Biyliktiń qubla shegarası Maylıshenǵelge deyin barǵan. Arallılar 1643-jılı Ábilǵazını xan etip kóteredi. Ábilǵazı Xorezm paytaxtın Wázir qalasınan Xiywaǵa kóshiredi [8:9].

"Qaraqalpaqstannıń jana tariyxı" miynetinde: «XVII-XVIII ásirlerde Xorezmniń arqasında, Ámiwdáryanıń quyar jerinde tiykarǵı xalqı ózbekler menen qaraqalpaqlardan ibarat Aral (yamasa Qońırat) iyeligi bolǵan, onıń orayı dáslep Qońırat qalası, keyin Shımbayǵa jaqın jerde jaylasqan Shahtemir qalası bolǵan. Bul iyelik Xiywa xanlıǵınan ǵárezsiz el bolǵan. Onıń bas qalası Qońırat XVIII ásirdiń aqırında orta ásirlerdegi Góne Úrgenish qanday áhmiyetke iye bolǵan bolsa, ol da sonday áhmiyetke iye edi» [9:118] dep maǵlıwmat berilgen.

Qońırat qalasınıń jası haqqında da ilimde bir toqtamǵa kelingen emes.

Qońırat qalasınıń tariyxın izertlegen ilimpaz S.Saymanovtıń tastıyıqlawınsha, Qońırat XI-XIII ásirlerde jedel rawajlanǵan. 1359-jıldan baslap, Qońırat suwpıları dáwirinde qala taslandılardan artılıp tiklengen. Qońırat qorǵanı biyi Muhammed Nazar dáwirinde qala keńeyip, dárwaza hám kárwan saraylar qurılǵan. XVIII ásirde Tóremurat biy óziniń ǵárezsizligi hám azatlıǵı jolında gúreste Qońırattı óz qorǵanına aylandıradı [10].

Qońıratlılar suw jaǵalap qalalar, qorǵanlar salǵan. XIV ásirden baslap Xorezmniń biyligi Qońırat suwpılarınıń qolına ótedi. 1770-jılları Xiywa xanlıǵın qońıratlı Muhammed Inaq, soń onıń balası Áwez Inaq (1790-1804) basqardı. Bunnan keyingi dáwirde xanlıqtı Eltúzer (1804-1806) alıp, Xiywa xanlıǵında qońıratlılar dinastiyasına tiykar saladı. Bul dinastiya 1920-jılǵa shekem ómir súrdi.

Qońırattıń tariyxıy hám mádeniy esteliklerin izertlegen etnograf alım X.Esbergenovtıń tastıyıqlawınsha, "Puljay menen Qońırat ekewi bir qala, xalqı da bir bolǵan. Qońırat átirapın suw alsa, xalıq Puljayda jasaǵan. Puljayda qanday da qıyınshılıq tuwılsa Qońıratqa qaytıp kelgen. Qońırat qalası óziniń átirapındaǵı shashırandı qonıslıqlardıń orayı, hákimlerdiń jasaǵan ornı, kárwan saraylar, bazarları menen qudıqları, qorǵanı, dárwazaları bar tiykarǵı qala bolıp esaplanǵan. Onıń xalqı diyxanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, ańshılıq penen shuǵıllanǵan. XVII ásirdiń ortalarında Hákim ata qorǵanınıń hákimi Muhammed Nazarbiydiń balası Xojamurat qońıratlılardıń xanlıǵına saylanadı. Ol óz xanlıǵınıń paytaxtın Hákim atadan Qońırat qalasına kóshiredi. Sebebi, qońıratlılardıń kópshiligi Qońırat qalasınıń átirapında jasaǵan [1:20].

Qońırat rayonı respublikanıń arqa-batıs tárepinde jaylasqan bolıp, 1920-1924-jılları Xorezm Respublikasınıń quramında beklik, 1924-jılı Qońırat volostı bolıp, 1925-jılı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Respublikası quramında okrug, al 1927-jıldıń 3-iyulinde

Qońırat rayonı bolıp shólkemlestiriledi [11:118]. 1963-jılı Xojeli rayonına qosıp jiberilip, 1964-jılı 22-fevralda qayta dúzilgen.

Rayon óz aymaǵı boyınsha Ózbekstan Respublikasınıń 12 procentin, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 46 procentin quraydi. Qońırat rayonı Túrkmenstan hám Qazaqstan Respublikaları, Moynaq, Shomanay, Bozataw hám Qanlıkól rayonları menen shegaralas.

Tábiyatı. Jer beti tiykarınan Ústirt platosınan ibarat. Ortasha biyikligi 150-200 m, eń biyik jeri 290 m (rayonnıń batıs tárepinde Qarabawır qırında). Oraylıq bóliminde Barsakelmes, shıǵısında Qarawımbet shorlıǵı, túslik tárepinde Assekeawdan batıǵı, Túrkmenstan menen shegaralas aymaǵında Qaplanqır hám Sarıqamıs kóliniń arqa bólegi jaylasqan. Hawa rayı keskin kontinental, qurǵaq. Jazı ıssı, qısı suwıq. Topıraqları Ústirt platosında sur-qońır, suwǵarılatuǵın shıǵıs bóleginde otlaqlı-boz hám otlaqlı topıraqlardan ibarat. Shorlaq taqır topıraqlar hám taqırlar da ushırasadı.

Xalqı tiykarınan, qaraqalpaqlar, ózbekler hám qazaqlar, sonday-aq, koreys, tatar hám orıs milleti wákilleri jasaydı.

Rayon maydanı 76 mıń kv.km. bolıp, onda 21 máhálle, 5 qalasha tipindegi posyolka hám 13 awıl puqaralar jıyını, 43 awıllıq elatlı punktleri bar. Rayonnıń ósiw noqatı (drayver) sharwashılıq, neft-ximiya sanaatı tarawlarına qánigelestirilgen. 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına kóre rayon xalqı sanı 135,9 mıń adamdı quraydı.

Rayonnıń batıs tárepin Ústirt tegisligi iyelegen bolıp, tiykarınan, jer astı baylıqları usı regionda jaylasqan. Bunda háktas, por, gips, mergel, as duzı, neft, gaz kondensatları hám basqa da qazılma baylıqlardıń iri kánleri bar. Shaxpaxta, Quwanısh, Aqsholaq, Úshsay, Úrge maydanlarında gaz kánleri ashılǵan. Úrge káni 1995-jılı gaz magistralına qosılıp, xalıq máplerin támiyinlew ushın xızmet kórsetpekte. Sonıń menen birge, Barsakelmes hám Qarawımbet duz kánleri bar. Tábiyiy suw deregi Ámiwdárya esaplanadı. Tiykarǵı suwǵarıw kanalları rayonlararalıq Súwenli hám Ráwshan kanalları esaplanadı.

Rayon respublikadaǵı iri óndiris aymaǵı esaplanadı, bul aymaqta "Qońırat soda zavodı" hám Ústirt gaz-ximiya kompleksi jumıs alıp barmaqta.

**Juwmaq.** Qońırat rayonı Qaraqalpaqstandaǵı úlken mádeniy miyras penen tariyxıy áhmiyetke iye aymaq. Arxeologiyalıq qazba jumıslar, áyyemgi qalalardıń qaldıqları hám jazba derekler rayon aymaǵınıń b.e.sh. 300-100 mıńınshı jıllardan baslap adamzat miynetiniń rawajlanıwın, kóshpeli hám otırıqshı mádeniyatlardıń óz-ara tásirin kórsetedi. Ústirt platosı hám Ámiwdárya suw jolları boyındaǵı strategiyalıq ornı regiondı antik dáwirlerden baslap sawda, siyasıy hám mádeniy orayǵa aylandırǵan.

Orta ásirlerde kárwan jolları boyındaǵı qalalardıń gúllewi regiondı Xorezm hám Evropa mámleketleri aralıǵındaǵı tiykargı tarmaqqa aylandırdı. Ámiwdáryanıń aǵısınıń ózgerisi, suwǵarıw sisteması hám geosiyasıy ózgerislerge qaramastan, Qońırat áyyemgi hám orta ásirlerde de áskeriy-ekonomikalıq qúdirettıń simvolı bolıp qaldı.

XIX-XX ásirlerdegi administrativ ózgerislerge qaramay, rayon óziniń tariyxıy statusın saqlap, házirgi kúnde Qaraqalpaqstanda iri ekonomikalıq hám sanaat orayına aylandı. Neft, gaz kánleri, "Qońırat soda zavodı" hám "Ústirt gaz-ximiya kompleksi" regionnıń óndiris qudiretin arttırıp, xalıqtıń turmıs dárejesin kótrrdi.

Qońırat – tariyxıy miyras penen tábiyiy baylıqtı uyǵınlastırǵan, ótkeni menen búgingi kúndi baylanıstırǵan janlı muzey. Onıń keńisliginde jasaǵan xalıqlardıń mádeniy izleri hám XXI ásir innovaciyaları birikken bul aymaq, Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan respublikalarınıń rawajlanıwında áhmiyetli rol oynawda dawam etedi.

## Ádebiyatlar


1. Есбергенов Х. Қоңырат: тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. – Нөкис: «Билим», 1993.
2. Неолитические памятники юго-восточного Устюрта. // Древняя и средневековая культура юго-восточного Устюрта. -Ташкент: «Фан», 1978.
3. Алимова Д., Ртвеладзе Э., Абдурасулов У. Средняя Азия – Закавказье – Рим: о значении водного пути по Амударье через Каспийское море в Закавказье // «Дорога Страбона» как часть Великого Шелкового пути. Материалы международной конференции. -Баку: 2008.
4. Бартольд В.В. Сочинение. Том III. – Москва: «Наука», 1965.
5. Калменов М. Археологические памятники Устюрта и Мангистау на средневековых караванных путях (X-XIV вв.). Дисс. на соис. уч. ст. канд. истор. наук. – Казань: 2013.
6. Кун А. От Хивы до Кунграда. Материалы для статистики Туркестанского края. Вып. IV. Ежегодник. Сиб, 1876.
7. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. - М.-Л.: Изд. АН ССР, 1950.
8. Кононов А.Н. Родословная туркмен. Сочинение Абул-гази хана хивинского. – М.-Л.: Изд. АНСССР., 1958.
9. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003.
10. https://www.researchgate.net/publication/344879465_IZ_ISTORII_VOZNIKNOVENIA_GORODA_KUNGRADA
11. Қунназаров К. Қарақалпақстанның қала ҳәм районлары. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2016.

**REZYUME.** Qo‘ng‘irot viloyati Qoraqalpog‘istonning eng qadimiy tarixiy va madaniy yodgorliklari hududi sifatida tanilgan. Ustyurtdan paleolit, neolit, bronza va ilk temir davrlariga oid arxeologik yodgorliklar topilgan. 9-10-asrlardan bu hudud savdo va madaniy aloqalarning muhim tarmog‘i bo‘lib kelgan. Qo‘ng‘irot tarixiy savdo yo‘llari orqali Yevropa va Markaziy Osiyoni bog‘lab turgan muhim hudud sifatida tanildi. Maqolada ushbu ma’lumotlar haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** Кунградский район известен как территория древнейших исторических и культурных памятников Каракалпакстана. На Устюрте найдены археологические памятники эпохи палеолита, эпохи неолита, бронзы и раннего железа. С IX-X веков этот регион был важной отраслью торговли и культурных связей. Кунград стал известен как важная территория, связывавшая Европу и Среднюю Азию историческими торговыми путями. В статье рассказывается об этих данных.

**SUMMARY.** Kungrad district is known as the oldest historical and cultural monuments in Karakalpakstan. Archaeological sites dating back to the Paleolithic, Neolithic, Bronze Age, and Early Iron Age have been discovered in Ustyurt. Since the 9th-10th centuries, this region has been an important branch of trade and cultural ties. The land of Kungrad became known as an important territory that connected Europe and Central Asia through historical trade routes. This article will tell you about these facts.